



Nzira
Yekuenda
Kunamwari



© 2011 World Missionary Press, Inc.. Meryl Esenwein art on pages 10, 12, 14, 16, 27, 29, 39, 41, 42, 44, 46, 47, and 48.

Shona Contemporary Bible™ Copyright © 2005, 2018 by Biblica, Inc. Used with permission.

All rights reserved worldwide.

“Biblica”, “International Bible Society” and the Biblica Logo are trademarks registered in the United States Patent and Trademark Office by Biblica, Inc. Used with permission.

Bhaibheri Dzvene MuChiShona Chanhasi Copyright © 2005, 2018 Biblica, Inc.

Mvumo yokushandisa ndima yakapiwa. Kodzero dzose dziripo.

MWARI VAKASIIKA NYIKA YEDU NE 1 ZVINHU ZVOSE ZVIPENYU

Pakutanga Mwari akasika matenga nenyika.

—Genesisi 1:1

Nokuti zvinhu zvose zvakasikwa naye: zviri kudenga
nezviri panyika. —VaKorose 1:16a

Jehovha ngaakuropafadze, iye muti wedenga napasi.
Kudenga denga kumusoro ndokwaJehovha, asi nyika
akaipa kuvanhu. —Mapisarema 115:15, 16

Nyika yapiwa munhu yakanaka ne ku kwana payakapera
kusikwa. Verenga unzwe zviri mukabhuku aka kuti unzwe
kuti zvakazo famba sei.

MWARI WAKATIUMBA



Ipapo Mwari akati, “Ngatiitei munhu nomufananidzo wedu, akafanana nesu, uye ngavave nesimba... napamusoro penyika yose.”

—Genesisi 1:26a

MUNHU ANORARAMA MUMWEYA

3

Jehovha Mwari akaumba munhu kubva paguruva revhu uye akafemera mweya woupenyu mumhino dzake, uye munhu akava mupenyu.* —Genesi 2:7

Jehovha Mwari akati, “Hazvina kunaka kuti munhu agare ari oga. Ndichamuitira mubatsiri akamukwanira.” Saka Jehovha Mwari akaita kuti munhu avate hope huru; uye paakanga achakavata, akatora rumwe rumbabvu rwomunhu akavhara nenyama nzvimbo yaakarubvisa. Ipapo Jehovha Mwari akaita mukadzi kubva parumbabvu rwaakanga abvisa pamunhu, uye akamuuyisa kumurume. —Genesi 2:18, 21, 22

*Kunzi tiri Mweya zvinoreva kuti tichararama nekusingaperi.

4

ADAMA NAEVA VAKATADZIRA MWARI



Hatifaniri kutombopa Satani nzeve dzedu neku muteerera.

Jehovha Mwari akatora munhu akamuisa mubindu
 reEheni kuti aririme nokurichengeta. Uye Jehovha Mwari
 akarayira munhu achiti, “Wakasununguka kuti udye zvi-
 nobva pamuti upi zvawo uri mubindu; asi haufaniri kudya
 zvinobva pamuti wokuziva zvakanaka nezvakaipa, nokuti
 pauchaudya uchafa zvirokwazvo.” —Genesisi 2:15-17

NYOKA INODAIDZWA KUTI DIABHOROSI KANA
 KUTI SATANI YAKA TONGESA MVUMO NE
 SIMBA RA MWARI, IKANYEPERA MWARI.

Nyoka yakati kumukadzi, “Hamungafi zvirokwazvo.” Mu-
 kadzi akati aona kuti muchero womuti wakanga wakana-
 ka kuudya uye kuti waifadza meso, uye kuti waidikanwa
 kuti munhu ave nouchenjeri, akatora mumwe akadya.
 Akapawo mumwe kumurume wake, uyo akanga anaye,
 naiye akaudya. —Genesisi 3:4, 6

ADAMU NA EVA HAVANA KUKWANISA KURAMBA VACHIGARA MUBINDU RE EDENI



Jehovha Mwari akamudzinga mubindu re Edheni kuti arime ivhu raakatorwa kwariri. ...akaisa makerubhi...nomunondo unopfuta...kuti urinde nzira inoenda kumuti woupenyu.

—Genesisi 3:23b, 24b

**RAKAVA ZUVA RAIPISA TSITSI CHOSE
 KURUDZI RWEVANHU APO RUDZI
 RWEVANHU RWAKATADZA KUBU
 RIDZA NEKUTADZA KWA ADAMU NA EVA**



**...Chivi sezvachakapinda munyika nomunhu mumwe,
 norufu rukapinda nechivi, uye nenzira iyi rufu rwakauya
 kuvanhu vose....**

—VaRoma 5:12

Chinhu chinoda kuyeukwa

**Munhu wese anoberekwa nechivi uye rimwe zuva achafa
 nechivi sezvo rufu rakauya nechivi.** (Verenga VaRoma 5:12.)

HURONGWA HWAMWARI HWE KUTI DZIKINURA KUBVA MUZVIVI HWAIWA HWE KUTIPA MWANAKOMANA WAVO AKANGA ARI OGA



Kuti apinde murudzi rwevanhu,
mwanakomana waMwari,
akauya semucheche.

**“Achava nomwana mu-
komana wauchazotumidza
zita rokuti Jesu nokuti ndiye
achaponesa vanhu vake ku-
bva muzvivi zvavo.”**

—Mateo 1:21

**Nokuti muna Kristu kuzara
kwouMwari kunogara maari
pamuviri. —VaKorose 2:9**

JESU NDIMWARI ARI MUCHIMIRO NEMUCHERECHEDZO WE MUNHU

9

Pakutanga pakanga pane Shoko, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Shoko rakava nyama uye rakagara pakati pedu.

—Johani 1:1, 14a

Izvi zvose zvakaitika kuti zvizadzise: “Mhandara ichava napamuviri, igozvara mwana mukomana, uye vachamutumidza zita rokuti Emanueri, zvichireva kuti, ‘Mwari anesu.’ ”

—Mateo 1:22a, 23

Nokuti takazvarirwa mwana, takapiwa mwanakoma-na, uye umambo huchava pamapfudzi ake. Uye acha-nzi Gota Rinoshamisa, Mwari Ane Simba, Baba Vokusi-ngaperi, Muchinda woRugare.

—Isaya 9:6

JESU KRISTU—CHIBAYIRO CHEDU CHAKAKWANA ZVIZERE

...Uyo akanga asina chivi.... —2 VaKorinde 5:21

“Haana kutadza.”

—1 Petro 2:22a



Hapana chibayiro chingaitwa nemunhu chinokodzera zvakakwana kubisa chivi. Ishe Jesu, ndivo vakazvipira, kuva chibayiro kuti tibude pazvivi.

**Nokuti hazvigoni kuti ropa
renzombe nerembudzi ribvise
zvivi. —VaHebheru 10:4**

**Jesu ndiye Gwayana RaMwari. “Tarirai, Gwayana
raMwari, rinobvisa chivi chenyika!” —Johani 1:29b**

JESU WAKAPA UPENYU HWAKE KUTI ATINUNURE 11

Jesu wakaroverwa pamuchinjikwa wepuranga nekuti vanhu vakaipa vaimuvenga. Asi rufu rwake rwaive muhurongwa hwa-Mwari. Jesu akazvipira akapa hupenyu hwake kuti anunure iwe nen, agotiponesa pazvivi zvedu. Jesu vakati, "**Hakuna munhu angahutora kwandiri, asi ndinohupa pachangu. Ndine simba rokuhurasa uye ndine simba rokuhutorazve.**" —Johani 10:18a

TAKAPONESWA NEROPA REGWAYANA RAMWARI

...Hamuna kudzikanurwa nezvinhu zvinoora, zvakadai sesirivha kana goridhe,...asi neropa rinokosha raKristu, iro gwayana risina charingapomerwa uye risina kuremara. —1 Petro 1:18, 19

HAPANAZVE CHIMWE CHIBAIRO CHINOOGONA

KUBVISA CHIVI KUNZE KWA JESU KRISTU

Tichaitwa vatsvene kubudikidza nechibayiro chomuviri waJesu Kristu chakabayirwa kamwe chete zvikapera.

—VaHebheru 10:10b

12 Sezvo takaruramisirwa neropa rake, tichaponeswa zvikuru sei naye kubva pakutsamwa kwaMwari! —VaRoma 5:9b

“Jesu, mundirangarirewo pamunenge masvika muumambo hwenyu.” —Ruka 23:42b

Mbavha iyi yakatenda muna Jesu ikaponeswa.



“Ndinoti kwauri, nhasi uchava nenimuparadhiso.” —Ruka 23:43b

Tichiri vatadzi, Kristu akatifira.

Mbavha yechipiri haina kutenda kuna Jesu, naizvo-zvo haina kuponeswa.

—VaRoma 5:8b

VOSE VANOTENDA KUNE MWANAKOMANA 13 WAMWARI, VANE HUPENYU HUSINGAPERI

“Nokuti Mwari akada nyika nokudaro, kuti akapa Mwanakomana wake mumwe oga, kuti ani naani anotenda kwaari arege kufa asi ave noupenyu husingaperi.”

—Johani 3:16

Nokuti akatinunura kubva pasimba rerima akatiuyisa kuumambo hwoMwanakomana waanoda, watine dzikinuro maari, iko kuregererwa kwezvivi.

—VaKorose 1:13, 14

Dzikunuro zvinoreva kuti takatengwa naye tika dzoredzwa pachimiro chaitaive nacho kare.

"IYE AKAMUKA!"



Mutumwa akati ku-vakadzi vaya, "Musatya nokuti ndinoziva kuti muri kutsvaka Jesu uyo akarovererwa pamuchinjikwa. Haapo pano; amuka sokutura kwaakaita. Uyai muone panzvimbo paakanga avete." —Mateo 28:5, 6

Ndini iye Mupenu; ndakanga ndafa, uye tarira, ndiri mupenu nokusingaperi-peri! Uye ndakabata kiyi dzorufu neHadhesi.

—Zvakazarurwa 1:18

“Nokuti ndiri mupenu, nemiwo muchava vapenu.”

—Johani 14:19b

Nokuti Kristu vakakunda rufu uye vane makiyi erufu naizvozvo hatifaniri kutya rufu.

Pandinenge ndotya, ndichavimba nemi. —Mapisarema 56:3

Ona peji 46 (makumi mana ane tanhatu) kuti uwone zvivimbisa zva Mwari kwatiri.

JESU ANOKWANISA KUKU SUNUNGURA UYE ARI KUKUNYENGETERERA

Asi Jesu, nokuti anogara nokusingaperi, anogona kuponesa zvizere vaya vanouya kuna Mwari kubudikidza naye, nokuti anorarama nokusingaperi achivanyengeterera. —VaHebheru 7:24a, 25b

IWE NENI TINO GONA KUVA NEUPENYU HUSINGAPERI



**Inzira ipi yawasarudza
yauri kufamba?**

Jesu Kristu ndiye NZIRA
YEUPENYU husingaperi
uye nekuenda kuna Mwari.

Dhiabhurosi (Satani) ndiye
nzira ye RUFU rusingaperi.

Jaya iri rakaita sarudzo yakanaka ndokuwana hupenyu husingaperi.

IWE UCHAITA SARUDZO IPI?

17

...Zvisarudzirei nhasi wamuchashumira....

—Joshua 24:15

Zvino sarudza upenyu, kuitira kuti iwe navana vako
mugorarama.

—Dhuteronomi 30:19b

**JESU NDIYE NZIRA INOENDA KUDENGA
KUHUPENYU HUSINGAPERE**

“Ruponeso haruwanikwi kuna ani zvake, nokuti hakuna
rimwe zita pasi pedenga rakapiwa kuvanhu ratinga-
poneswa naro.”


—Mabasa 4:12

“Ini, iyeni, ndini Jehovha, uye kunze kwangu hakuna
muponesi.”

—Isaya 43:11

SEI TICHIFANIRA KUSARUDZA JESU KANA TICHIDA KUVA NEUPENYU HUSINGAPERI?

1. Ndi Kristu vakauya.



...Ini ndakauya kuti ave noupenyu....
—Johani 10:10

2. Ndi Kristu vakaTida uye vakatifira.
“...muMwanakomana waMwari, aka-ndida uye akazvipa nokuda kwangu.”

—VaGaratia 2:20b

Jesu akava munhu, ane nyama ne ropa zezvatakaita isu; **kuti rufu rwake**

ruparadze iye ane simba rorufu, iye dhiabhoru uye
agosunungura vaya vakanga vakasungwa muura-
nda upenyu hwavo hwose nokutya kwavo rufu.

—VaHebheru 2:14b, 15

*3. Ropa raJesu chete chete ndiro roga rikwanisa
rinobvisa zvivi zvedu.*

Ropa ndiro rinoyananisira [kurekererana] upenyu
hwomunhu. —Revhitiko 17:11b

Ropa raJesu, Mwanakomana wake, rinotinatsa pa-
zvivi zvose. —1 Johani 1:7b

Watine dzikinuro maari, iko kuregererwa [kununurwa]
kwezvivi. —VaKorose 1:14



4. NdiJesu Kristu vaka muka kubva kuvakafa.

Nokuti sezvo tichiziva kuti Kristu akamutswa kubva kuvakafa, haachazofizve; rufu harusisina simba [hutongi] pamusoro pake. —VaRoma 6:9

Uye iye akafira vose, kuitira kuti vose vasazviraramira asi vararamire iye akavafira akamutswazve kubva kuvakafa.

—2 VaKorinde 5:15

Jesu vakati, “**Nokuti ndiri mupenyu, nemiwo muchava vapenyu.**”

—Johani 14:19b

*5. Tinofanira kuva neMweya waJesu Kristu
matiri kuti tigorarama nekusingaperi.*

21

Kristu mamuri, tariro yokubwinya. —VaKorose 1:27b

Uye kana Mweya waiye akamutsa Kristu kubva ku-
vakafa uchigara mamuri, iye akamutsa Kristu kubva
kuvakafa achapawo upenyu kumiviri yenu inofa
kubudikidza noMweya wake unogara mamuri.

—VaRoma 8:11

**NYATSO WONGORORA UBATISISE KUTI MWEYA
WA JESU KRISTU URI KUGARA MAURI HERE**
Kana munhu asina Mweya waKristu, haazi waKristu.

—VaRoma 8:9b



**Ipapo akatora
vana akavafunga-
tira mumaoko ake,
akaisa maoko ake
pamusoro pavo
akavaropafadza.**

—Mako 10:16

**“Bhaibheri, rinondiudza kuti, Jesu anondida
nerudo runogara nekusingaperi.”**

Asi Jesu akadana vana kwaari achiti, “Regai vana 23 vaduku vauye kwandiri, uye musavadzivisa, nokuti umambo hwaMwari ndohwavakadai.” —Ruka 18:16

“Nenzira imwe cheteyo Baba venyu vari kudenga havafariri kuti mumwe wavaduku ava arasike.”

—Mateo 18:14

Usa shushikana kana kufunganya. Hazvinei kuti uri ani, uye hazvinei kuti unogara kupi, Jesu vano kuda chose zvakazara, uye vaka kufira pamuchinjikwa. Jesu vanoda rudo rwako newe-wo. Iwe unokwanisa kuratidza rudo rwako kwavari kuburikidza ne kumuteerera sezvaanoita kwauri.

“Kana muchindida, muchateerera zvandinokurayirai.”

—Johani 14:15

Kunyange mwana anozivikanwa nezvaanoita.

—Zvirevo 20:11a

TINOWANA SEI NZIRA YEKUENDA KUNA MWARI

1. *Bvuma kuti uri mutadzi (ona peji 7).*

Nokuti vose vakatadza uye vakasasvika pakubwinya
kwaMwari. —VaRoma 3:23

2. *Uya kuna Mwari kuburikidza naJesu Kristu.*

Nokuti kuna Mwari mumwe chete, nomurevereri
mumwe chete pakati paMwari navanhu, ndiye munhu
Kristu Jesu. —1 Timoti 2:5

Naizvozvo [Jesu] anogona kuponesa zvizere vaya
vanouya kuna Mwari kubudikidza naye.

—VaHebheru 7:25a

Jesu vakati, “Anouya kwandiri handingatongomurasiri
kure.” —Johani 6:37b

3. Bvuma ureurure zvitadzo zvako.

(Kureurura zvinoreva ku bvuma nekudemba kuipa kwechivi chako neku nekukumbira kuregererwa chivi.)

**“Naizvozvo, tendeukai zvino,
mudzokere kuna Mwari, kuitira
kuti zvivi zvenyu zvidzimwe.”**

—Mabasa 3:19a

**Ishe...ane mwoyo murefu nemi,
haadi kuti ani zvake arasike, asi
kuti vose vatendeuke. —2 Petro 3:9**

4. Reurura zvivi zvako kuna Jesu.

(Kureurura zvinoreva “kubvuma nekubatikana nekutadza kwako.”)



Kana tichireura zvivi zvedu,
iye akatendeka uye akarurama,
uye achatika-
nganwira zvivi
zvedu.

—1 Johani 1:9a

26

Pamutsara uri pasi, nyora vhesi 1 Johani 1:9a
inoonekwa mumaoko arikunamata peji pa 25.

5. Siya nekuramba zvivi zvako.


(Kusiya nekuramba zvivi zvinoreva “kubuda pazviri,
kusiya zvitadzo kusazviita.”)

**Uyo anofukidzira zvivi zvake haabudiriri, asi ani naani
anozvireurura uye agozvirasa achawana nyasha.**

—Zvirevo 28:13

Dzoka pane zvakaipa ugoita zvakanaka.

—Mapisarema 37:27a



**Nokuti makaponeswa
nenyasha, kubudiki-
dza nokutenda,...chipo
chaMwari, kwete nama-
basa, kuti parege kuva
nomunhu anozvikudza.**

—VaEfeso 2:8, 9

6. *Tenda muna Jesu Kristu.*

**Kana ukapupura nomuromo
wako kuti, “Jesu ndiye Ishe”
uye ukatenda mumwoyo mako
kuti Mwari akamumutsa kubva
kuvakafa, uchaponeswa.**

—VaRoma 10:9b

**“Tenda kuna She Jesu ugopo-
neswa, iwe neimba yako.”**

—Mabasa 16:31b

7. Gamuchira Jesu Kristu kuti apinde mumwoyo mako uye ave Ishe na mambo wehupenyu hwako.

Iwe wega ndiwe unogona kuvhura musiwo wemwoyo

wako kuti Ishe Jesu vapinde. Jesu
vakati, “**Ndiri pano! Ndimire pamu-**
suo ndichigogodza. Kana munhu
akanzwa inzwi rangu akazarura
musuo, ndichapinda ndigodya
naye, uye iye nenii.”

—Zvakazarurwa 3:20



Asi kuna vose vakamugamuchira,
kuna avo vakatenda muzita rake,
akovapa simba rokuti vave vana
vaMwari.

—Johani 1:12

Kana usati wambonamata munamato weku gamuchira Jesu sa Ishe vako uchida rubatsiro rwekuunamata, tevedzera munamato uri pasi apo senhungamiro.



**Mudikani wangu Ishe Jesu,
Ndino tenda nekundifira pamuchinjikwa
kutin mubvise zvivi zvangu. Ndine urombo
uye ndino batikana nekuda kwe zvitadzo
zvangu. Ndinokumbira kuti mupinde
mumwoyo mangu uye mugare mumwoyo
wangu nekusingaperi. Ndinovimba nemi
kuti mundi chenese mwoyo wangu. Ndino
kutorai semununuri wangu na Ishe hweu-
penyu hwangu.**

Muzita ralshe Jesu ndinonamata, Amen.

KANA ISHE JESU VARI MUMWOYO MAKO UNE UPENYU HUSINGAPERI

Mwari akatipa upenyu husingaperi, uye upenyu uhu huri muMwanakomana wake. Uyo ano Mwanakomana ano upenyu.

—1 Johani 5:11b, 12a

“Ani naani anonزوا shoko rangu uye achitenda uyo akandituma,...abva murufu uye aenda kuupenyu.”

—Johani 5:24b

Kana nyama ikafa, Mwari anayo (2 VaKorinde 5:8).

Kristu mamuri, tariro yokubwinya. (VaKorose 1:27b).

Kana wakumbira kuti Jesu akuregerere zvivi zvako ukatenda kuna Jesu Kristu kuti ndiye mununuri, wako nyora zita rako pazasi apa: _____

UNORAMBA UCHITEVERA ISHE JESU SEI

31



Verenga mavhesi kubva mubhaibheri (shoko naMwari) Mazuva ose uye chengetedze mavhesi mumwoyo anokubatsira (Mazhinji arimo mukabhuku kano.)

Rugwaro rwose rwakafeme-rwa naMwari uye runobatsira pakudzidzisa, kurayira, kutsiura nokurayiridza mukururama. —2 Timoti 3:16

TAURA NAJESU KUBURIKIDZA NEMUNAMATO NGUVA DZESE

Tenda Ishe Jesu nezvese zvakanaka zviri muhupenyu hwako.
Murumbidze iye nekuda kwezva vaka kuitira uye nekuponesa

mweya wako. **Namata ukumbire chero chaunoda iwe.** Namata muzita rajesu.

Kana tichikumbira chinhu chipi nechipi nokuda kwake, anotinzwa. —1 Johani 5:14b

“Baba vangu vachakupai zvose zvamuchakumbira muzita rangu.”

—Johani 16:23b

...Munyengetererane kuti....

—Jakobho 5:16

Mugonyengetererera avo vanokutambudzai.

—Mateo 5:44b



UYU UMWE MUNAMATO WAKADZI-DZISWA NAJESU KUVADZIDZI VAKE

33

(Mudzidzi munhu anotevera Jesu.)

Jesu vakati vadzidzi vake varambe vachinamata nenzira iyi:

**“Baba vedu vari kudenga, zita renyu ngarikudzwe,
umambo hwenyu ngahuuye, kuda kwenu ngakuitwe
panyika sezvinoitwa kudenga. Tipei nhasi chingwa
chedu chamazuva namazuva. Tiregererei zvatinoku-
tadzirai, sezvatinoregererawo vanotitadzira isu. Musa-
titungamirira mukuedzwa, uye mutinunure kubva kuno
wakaipa.”**

—Mateo 6:9b-13

Munamato uyu unofanirwa kuyeukwa. Vatendi vanowa-
nzo namata munamato uyu zvinonzwika pamwechete.

MIRAIRO INE GUMI YAMWARI INOTIDZIDZISA MARARAMIRO

(Ekisodho, chitsauko 20)

Zvina zvekutanga ndezve kuda kwedu Mwari

- 1. “Usava navamwe vamwari kunze kwangu.”**
- 2. “Usazviitira mufananidzo wechinhu chipi zvacho....
Usazvipfugamira kana kuzvinamata.”**
- 3. “Usareva zita rajehovha Mwari wako pasina nokuti.”**
- 4. “Rangarira zuva reSabata kuti urichengete riri
dzvene.”**

Zvitanhatus zvekupedzisira ndezve rudo rwedu kuMunhu

MIRAYIRO GUMI (KUENDERERA PAMBERI)

5. "Kudza baba vako namai vako."
6. "Usauraya."
7. "Usaita upombwe" (Upombwe kusavimbika pabonde kwemurume kana mukadzi.)
8. "Usaba."
9. "Usapurura muvakidzani wako nhema."
10. "Usachiva...chinhu chipi zvacho chomuvakidzani wako."

KUTERERA MWARI KUNOUNZA MHINDURO PAMINAMATO YEDU

Uye tinogamuchira kubva kwaari zvose zvatinokumbira,
nokuti tinoteerera mirayiro yake uye tinoita zvinomufadza.

Ida Mwari

1. Jesu akapindura akati, “ ‘Ida Ishe Mwari wako nomwoyo wako wose, nomweya wako wose nokufunga kwako kwose.’ Uyu ndiwo murayiro mukuru uye wokutanga.”

—Mateo 22:37, 38

Ida Vanhu

2. “Wechipiri wakafanana nawo unoti, ‘Ida muvakidzani wako sokuda kwaunozviita iwe.’ ” —Mateo 22:39

Mitemo yose yaMwari (iri papeji 34 ne 35) iri mukati Nemitemo Muviri Mikuru iyi.



RUDO NDICHO CHINHU CHIKURU CHINOKOSHA PANE ZVINHU ZVESE

37

Chitsauko Cherudo Rukuru

(1 VaKorinde 13:1-8, 13)

¹Kunyange ndikataura nendimi dzavanhу nedzavatumwa, asi ndisina rudo, ndakaita sedare rinorira kana ndarira dzinongoti ngwerengwere. ²Kana ndine chipo chokuprofita uye ndichinzwisia zvakavanzika zvose noruzivo rwose, uye kana ndino kutenda kunofambisa makomo, asi ndisina rudo, handisi chinhу. ³Kana ndikagovera zvose zvandinazvo kuvarombo uye kana ndikaisa muviri wangu kuti upiswe, asi kana ndisina rudo, hazvindibatsiri chinhу. ⁴Rudo runo mwoyo murefu, rudo runo mwoyo munyoro. Haruna godo, haruna

38 manyawi haruzvikudzi. ⁵Haruiti zvokuvirimira vamwe, harutsvaki zvarwo, harukurumidzi kutsamwa, haruna pfundi pfundi. ⁶Rudo harufariri zvakaipa, asi runofarira chokwadi. ⁷Runodzivirira nguva dzose, runovimba nguva dzose, rune tariro nguva dzose, runotsungirira nguva dzose. ⁸Rudo harutongoperi. Zvino kana kuri kuprofita, kuchapera; kana dziri ndimi, dzichagumiswa; kana rwuri ruzivo, ruchapfuura.

¹³Uye zvinhu zvitatu izvi ndizvo zvinogara, zvinoti kutenda, tariro norudo. Asi chikuru pakati peizvi ndirwo rudo.

MWARI NDIRWO RUDO

Mwari rudo. Ani naani anogara murudo anogara muna
Mwari, uye Mwari maari. —1 Johani 4:16b

JESU ANODA KUTI IWE UPUPURIKE 39 VAMWE NEZVAJESU



(ku dzimba dzedu, pazvikoro,
pamachechi kana panzvimbo
yose hayo)

Jesu vakati, “**Chienda kumba kumhuri yako undovaudza zvawaitirwa naShe, uye kuti akunzwira ngoni sei.**”

—Mako 5:19b

TINO ZIVA SEI KUTI MUNHU UYU MWANA WA MWARI WE CHOKWADI

“Nokuda kwaizvozvo, vanhu vose vachaziva kuti muri vadzidzi vangu kana mune rudo pakati penyu.” —Johani 13:35

Asi chibereko choMweya ndirwo rudo, mufaro, rugare, mwoyo murefu, unyoro, kunaka, kutendeka, kupfava uye kuzvidzora. —VaGaratia 5:22, 23a

MWANA CHAIYE WAMWARI UNOREGERERA VAMWE

Nokuti kana mukaregerera vanokutadzirai, Baba venyu vari kudenga vachakuregereraiwo. —Mateo 6:14

ZVINHU ZVINOMWE ZVINOVENGWA NAMWARI

Meso anozvikudza, rurimi runoreva nhema, maoko anodura ropa risina mhosva, mwoyo unoronga mano akaipa, tsoka dzinokurumidza kumhanyira muzvakaipa, chapupu chenhema chinodurura nhema, uye munhu anomutsa kusana pakati pehama. —Zvirevo 6:17-19



MABASA ENYAMA:

...Upombwe, tsvina, utere; kumanata zvifananidzo, uroyi, ruvengo, gakava, godo, kutsamwa, kuzvikudza, kuparadzana, dzidziso dzakatsauka nokugodorana; kudhakwa, kutamba kwakaipa, nezvime zvakadaro. ...Avo vana mararamiro iwaya havangagari nhaka youmambo hwaMwari.

—VaGaratia 5:19-21

...Kana varume vanoita zvoufeve,...

kana mbavha, kana vana madyo.

—1 VaKorinde 6:9, 10a

REGA JESU AKUZADZE NEMWEYA WAKE UYE


AKUCHENESE UVE WAKACHENA

Uye izvozvo ndizvo zvakanga zvakaita vamwe venyu. Asi makashambidzwa, mukaitwa vatsvene,...muzita ralshe Jesu Kristu, uye noMweya waMwari.

—1 VaKorinde 6:11

42 GEHENA INZVIMBO YECHOKWADI

(Verenga Ruka 16:19-26.)



Iva nechokwadi kuti uri
kuvimba muna Jesu Kristu.
Achaisa zita rako muBhuku
Rake reHupenyu.

**Kana munhu akawa-
nikwa zita rake risina
kunyorwa mubhuku
roupenyu, akakandwa
mudziva romoto.**

—Zvakazarurwa 20:15

JESU KRISTU NDIYE EGA NZIRA YEKUENDA 43

KUNA MWARI KUHUPENYU HUSINGAPERE

Mwari akatipa upenyu husingaperi, uye upenyu uhu
huri muMwanakomana wake. —1 Johani 5:11b

Nokuti mubayiro wechivi ndirwo rufu, asi chipo
chaMwari chokungopiwa ndihwo upenyu husingaperi
muna Kristu Jesu Ishe wedu. —VaRoma 6:23

“Ani naani anotenda muMwanakomana ano upenyu
husingaperi, asi ani naani anoramba Mwanakomana
haangaoni upenyu, nokuti kutsamwa kwaMwari kuno-
gara pamusoro pake.” —Johani 3:36

Jesu akapindura akati, “Ndini nzira nechokwadi uye
noupenyu. Hakuna munhu angauya kuna Baba kana
asina kupfuura napandiri.” —Johani 14:6



Muzviratidzo zva Johane muna Zvakazarurwa akaoma denga idzva ne nyika itsva. **“Achapukuta misodzi yavo yose pameso avo. Hapachazovazve norufu, kana kuungudza, kana kuchema, kana kurwadziwa, nokuti zvinhu zvokutanga zvapfuura.”** Akanga agere pachigaro choushe akati, **“Ndiri kuita kuti zvinhu zvose zvive zvitsva!”**

—Zvakazarurwa 21:4, 5a

Johane akaona guta dzvene rakanaka, Jerusarema idzva, richidzika kubva kuna Mwari richibuda kubva kudenga. **Guta rakanga rakavakwa negoridhe rakaisvonaka rinoonekera kunge girazi.** Nheyo dzamasvingo eguta dzakanga dzakashongedzwa nemhando dzose dzamatombo anokosha.

—Zvakazarurwa 21:18b, 19a

JESU AKAENDA KUNO GADZIRIRA VESE VANOTENDA KWAARI MUSHA WAKANAKA WEKUGARA

45

“Mwoyo yenu ngairege kutambudzika. Tendai kuna Mwari; mutendewo kwandiri. Mumba maBaba vangu mune nzvimbo zhinji dzokugara; dai zvaiva zvisizvo, ndingadai ndakuudzai. Ndiri kuenda ikoko kundokugadzirirai nzvimbo. Uye kana ndikaenda kundokugadzirirai nzvimbo, ndichadzoka ndozokutorai kuti muve neni, kuti nemiwo mugova kwandinenge ndiri.”

—Johani 14:1-3

TSANANGURA NHAU YAKANAKA IYI KUNE VAMWE

Jesu vakati, “Endai munyika yose muparidze vhangeri kuzvisikwa zvose.”

—Mako 16:15b

Anotungamirira mweya yavanhu kuruponeso ndiye akachenjera.

—Zvirevo 11:30b

46 ZVIMBISO ZVA MWARI KUVANA VAKE

“Handingatongokusiyei; handingatongokurasei.”

—VaHebheru 13:5b

**Nokuti acharayira vatumwa vake pamusoro pako, kuti
vakuchengete panzira dzako dzose.** —Mapisarema 91:11

**Hakuna munhu angaabvuta muruoko rwaBaba
vangu.** —Johani 10:29b

“Ndinemi kusvikira pakuguma kwenyika.”

—Mateo 28:20b

**Usatya izvo zvava kuda kuzokutambudza.
...Ivai vakatendeka, kunyange kusvika
pakufa, uye ini ndichakupai korona
youpenyu.** —Zvakazarurwa 2:10

**Kunyange ndigere murima, Jehovha
achava chiedza changu.** —Mika 7:8b

‘Danai kwandiri uye ndichakupindurai.’

—Jeremia 33:3a



Vanhu vose vachamutswa kubva kuvakafa.

“Kuti nguva inouya yokuti vose vari mumakuva avo vachaniza inzwi rake uye vachamuka; vose vakaita zvakanaka vachamuka vachienda kuupenyu, uye avo vakaita zvakaipa vachamuka vachienda kukutongwa.” —Johani 5:28b, 29



Vakafa muna Kristu vachatanga kumuka. Shure kwaizvozvo, isu vachiri vapenyu uye vakasara, tichatorwa pamwe chete navo mumakore kuti tisangane naShe mudenga. Nokudaro tichava naShe nokusingaperi. —1 VaTesaronika 4:17

Rindai! Svinurai! Hamuzivi kuti nguva iyo inosvika rini. —Mako 13:33



JESU ACHAUYA SEI?

Tarirai, ari kuuya namakore, uye meso ose achamuona. —Zvakazarurwa 1:7a

Chenjerai vana Kristu venhema nevaporofita venhema. “**Mukanzwa munhu anoti kwamuri, ‘Tarirai, hoyu Kristu!’ kana kuti, ‘Hoyo Kristu,’** musazvitenda. Kana munhu upi zvake aka-kuudzai kuti, ‘**Tarirai uyo ari kurenje,’ mu-**
sabuda kuti muendeko kana kuti akati, ‘Tarirai, ari mudzimba dzomukati,’ musazvitenda.” —Mateo 24:23b, 26b

JESU ACHAUYA NEKUKURUMIDZA MUMAKORE EKUDENGA

“Sezvinoita mheni inopenya kumabvazuva ichionekwawo kumavirira, ndizvo zvichaita kuuya kwoMwanakomana wo-Munhu. Ndudzi dzose dzenyika...vachaona Mwanakomana woMunhu achiuya ari mumakore okudenga nesimba noku-bwinya kukuru.” —Mateo 24:27, 30b

MUFUDZI MAPISAREMA

(Mapisarema 23)

¹Jehovha ndiye mufudzi wangu, hapana chandingashayiwa.

²Anondivatisa pamafuro manyoro, anondisesedza pamvura inozorodza, ³anoponesa mweya wangu. Anondifambisa panzira dzokururama nokuda kwezita rake.

⁴Kunyange ndikafamba nomumupata womumvuri worufu, handingatyi zvakaipa, nokuti imi muneni; tsvimbo yenu nomudonzvo wenyu zvinondinyaradza. ⁵Munondigadzirira tafura pamberi pavavengi vangu. Munozodza musoro wangu namafuta; mukombe wangu unopfachukira.

⁶Zvirokwazvo kunaka kwenu norudo rwenyu zvichanditevera, mazuva ose oupenyu hwangu, uye ndichagara mumba majehovha nokusingaperi.

Published in numerous languages by World Missionary Press, Inc.,
as God supplies funds in answer to prayer. **For questions or more
information by country, visit: www.wmp-contacts.org**

Mahara — Bhuku iri hari faniri kutengeswa



World Missionary Press, Inc.

PO Box 120

New Paris, IN 46553-0120 USA

www.wmpress.org

2-25

Read booklets online or by App

www.wmp-readonline.org

2319 Shona WTG